



Republik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Angajman politik ak revandikasyon popilè nan zèv Feliks Moriso Lewa

Yon revyi ameriken ki rele “Left Curve”, ki vle di Koube Agoch, pibliye yon atik an 1999, kote powèt Pòl Larak voye yon ochan pou Feliks Moriso Lewa, nan okazyon lanmò gwo ekriven ayisyen sa a ki pati kite nou 5 septanm 1998 nan vil Miyami. Pòl Larak ekri e m ap site: “Malere ki te aprann li ak ekri kreyòl soti toupatou ann Ayiti vin devan tonm Moriso pou di powèt yo a *Mèsi, papa, mèsi pou powèm natif natal yo, pou powèm dyakout yo, pou Antigòn, mèsi pou ti vwayaj nan lalin nan, pou Jak Aleks, mèsi pou pèp la, pou Lafrik, mèsi anpil papa.*”

Fraz sa a rezime poukont li nivo ak valè angajman Feliks Moriso Lewa te pran atravè zèv powetik ak teyatral li. Yon pwezi ak yon pwoz kontestatè, konbatif, ki pran pozisyon pou lavi miyò. Yon pwezi ak yon pwoz ki lan kè reyalyte epòk li e ki ap batay pou bati yon lòt demen. Reyalizasyon Moriso Lewa pa piti. Pami piblikasyon otè a n ap siyale sis rekèy pwezi, sis pyès teyat, de rekey nouvèl, yon woman ak yon demi douzèn kont. Moriso vwayaje Kiba; li ale ann Amerik, ann Afrik, ann Ewòp delès ak Ewòp delwès. Li rankontre yon bann chef leta, anpil gwo atis ak ekriven kontanporen. Li anseye literati nan peyi Nijerya, Gana ak Senegal. Li te menm rive gen pòs konseye Ministè Lakilti dènye peyi sa a, kote li te rankontre ak kèk lòt ekriven ann egzil parèy li tankou: Jan Briyè, Jera Chenè ak Woje Dòsenvil. Yo tradui zèv li an franse, angle, alman, ris, fanti, tay epi wolòf. Yo jwe pyès li a Pari, Nouyòk, Boston, Miyami, Kingstonn, Akra...e gen yon ri lan Miyami ki pote non li jodi a.

Nou pa kwè jounen jodi a kritik literè yo fouye tèks Moriso Lewa yo ase pou pèmèt jenerasyon ki vin apre l yo dekouvri tout dimansyon ekriven an. Yon ekriven ki te an menm tan: powèt, dramatis, womansye, eseyis, jounalis, pwofesè, avoka. Angajman Moriso Lewa manifeste plizyè jan. Lè li fin diplome Lekòl de Dwa Pòtoprens apre pasaj li Lise Penchina Jakmèl ak Lise Petyon Pòtoprens, ekriven an ki fèt 13 mas 1912 nan bouk Grangozye pati al rapouswiv etid li Inivèsite Kolonbya ak Nouvo Lekòl pou Rechèch Soyale lan Nouyòk. Fini l fini li kase tèt tounen Ayiti an 1943 kote li ateri nan yon pòs direktè nan Ministè Enstriksyon Piblik.

Feliks Moriso Lewa chwazi pa rete deyò pou tounen lakay vin mennen yon batay bò kote mas popilè yo. Ositou l ap kite djòb li kòm Direktè Jeneral Ministè Edikasyon Nasyonal pou l lage kò l nan literati nètale. Moriso reyalyze byen bonè : pou sitiasyon mas yo chanje, pou peyi a soti kote l ye a, fòk ayisyen konnen ki moun yo ye, ki lang ki pa yo. Se sa k fè an lagan powèt la pran pati pou yon pwezi nan lang kreyòl, lang pèp ayisyen an. Li batay pou yon literati ki pa yon literati dèyè manman k ap chare nòm estetik oksidantal

yo. Nou kapab di pwezi Moriso Lewa a louveri chimen pou yon literati kreyòl ann Ayiti. Sa pa vle di anvan sa pa t gen moun ki te konn ekri an kreyòl. Men, se li menm ki bati yon zèv ki se tout yon pwojè pou valorize lang kreyòl la. Pwezi Moriso a chita lan kè imajinè ayisyen an, nan anviwonman lokal la avèk pwòp referan li, senbolis li, ritmik li, mitoloji li. Baz li se kilti popilè a. Nan premye nimewo revyè Demanbre ki parèt nan mwa septanm 2012 powèt Jòj Kastrà ak ekriyen Jozafa Laj epi Pyè Richa Nasis tonbe dakò pou rekonèt enpòtans kapital inovasyon Moriso Lewa pote ak valè travay li fè, pou enpoze pwezi kreyòl la epi ba li jarèt. Premye tèks Dyakout 1 an di aklè :

« M ap ekri yon liv kreyòl
 M ap li l nan radyo pou tout moun tande
 M ap ekri yon liv nan lang pa m
 Mesye a yo mèt ri
 M konn sa m ap fè
 M bezwen moun pa m konprann
 M bezwen nèg pa m tande »

Ositou Moriso Lewa te kanpe Daka an desanm 1973, pou entèveni nan 5èm byenal lang franse a an favè lang kreyòl la kòm lang nasyonal e baz tout ansèyman ann Ayiti. Li di li te fè sa onon tout patriyòt ayisyen ki pa t ka la. Sepandan, inivè pwetik Moriso depase chan lengwistik la pou envesti anviwonman kiltirèl ayisyen an. Se konsa tèks li yo entegre eleman reprezantatif kilti popilè a : lwa vodou ak objè sakre yo, penti nayif, enstriman ak chan tradisyonèl elatriye.

« Ektò Ipolit mouri !
 Rele rele w Lasirèn
 Sa k a gade sobagi a la ?
 Sa k a sonnen ason an ?
 Ektò Ipolit mouri !
 Agwe tire de kout kannon
 Pou Ektò Ipolit ki mouri »

Vè sa yo ki fè pati yon powèm long kote Moriso ap fè lwanj pent nayif la louveri bayè pou vodou ak kilti popilè a antre an granmoun nan literati ayisyen an. Ositou anpil kritik ak plimeyank nan literati, ann Ayiti kou aletranje, konsidere pyès Antigòn Moriso a kòm tèks fondatè literati kreyòl la. Otè a adapte pyès grèk Sofòk la kote li plase l nan yon peristil ak yon anviwonman riral. Dayè se menm mizansèn sa a nou rejwenn nan kat lòt pyès Moriso Lewa ki se : Wa Kreyon, Pèp la, Rara ak Anatòl. Karaktè vodou a parèt nan yon degre mwens lan yon lòt pyès ki rele Moun fou. Feliks Moriso Lewa itilize pèsonaj Wa kreyon an, fanmi l ak antouraj li kòm yon analogi pou denonse egzaksyon kriminèl rejim divalyeris la. Moriso mete mas popilè yo ak monn riral la sou sèn. Teyat Mòn Èkil la te yon laboratwa ki pèmèt eleman popilè yo pran konsyans wòl yo kòm aktè sou sèn teyat e kòm aktè nan fòmasyon sosyal peyi yo. Nan prefas Maksimilyen Lawòch ekri pou esè Frank Fouvhé ki rele « Vodou et Théâtre/pour un théâtre populaire » nou tradui : « Tematik vodou a, itilizasyon lang ayisyen an ak angajman politik fòme pilye prensipal teyori estetik nouvo teyat popilè sa a ann Ayiti ». Se pa yon aza si pyès Edipe-Roi Frank Fouche a soti an 1953, menm lane ak Antigòn Moriso Lewa a. Anbisyon ni

Moriso ni Frank Fouche se te pote sou sèn pwoblèm inivèsèl lezòm epi trete yo nan kad lang ak kilti pèp ayisyen an.

Sepandan, menm jan Moriso Lewa ap valorize vodou kòm yon eleman kilti popilè a, se menm jan an tou li atake ak fòs legliz katolik kòm reprezantan loksidan kretyen ki ap ban nou yon move imaj de tèt nou pou kapitalis eksplwate nou pi byen.

« Si vatican
Pa fouti pwoteje gwo bèje l la yo
Se pa ti mouton kou nou yo kapab sove
M bouke wè vye granmoun sa a
Ranmase tout byen m renmèt Anprè Seza »

Ekri an afiche karaktè antiklerikal li nan powèm *Testaman* li ekri an 1954 kote li deklare :

« Lè m mouri fè bèl veye pou mwen
M pa pral ni nan paradi ni nan lanfè
Pinga pè pale laten nan tèt mwen »

Bonkou lane apre li residive ak *Nouvo Testaman* kote li anonse li pa gen pwoblèm sa a ankò pase pè sispann pale laten. E li ajoute :

« Menm Bondye
Sètoblige aprann kreyòl
Kou tout lòt blan
Ki vin isit
Pou fè biznis ak nou »

Pwezi Moriso a se yon pwezi reyalis, yon pwezi kout kodak ki mete reyalye a toutouni devan zye sila yo k ap jofre.

« Pa pran pòtre bourik mwen
Bourik isit twò piti
Touris pa pran pòtre kay la
Kay mwen se kay pay
Pa pran pòtre jaden m
M pa gen traktè »

Yon reyalye ki pa pèdi sou degenn li menm lè tèks la vlope ak iwoni pou byen montre se pèsèpsyon zòt.

« Touris pa pran pòtre m
M twò lèd
Kodak ou pa abitye ak koulè m
Kwafè w pa abitye ak chive m »

Powèm Moriso yo montre fason li te rive konprann anviwonman sosyal epòk la pa t twò diferan ak lekti Jisten Lerison te fè anvan li nan tan pa l. *Se bon* ak *Oto a pa rete*, de powèm selèb kote Moriso Lewa yon fwa ankò itilize pwosede estilistik iwoni a amèvèy,

se de egzanp ki mete anba mikòskòp distans ki separe lavil ak andeyò, nèg anwo ak nèg anba, moun gwo mwayen ak moun ti mwayen. Kote diferans sosyal sèvi lisans pou sitwayen ak sitiwayon sosyal pi wo fè sitwayen ak sitiwayon sosyal pi ba pran lalin pou fwonmaj osnon komèt enjistis kont yo san lalwa pa enkyete yo. *Se bon depite bat do m vote pou ou. Se bon pastè konvèti m sivilize m. Se bon jij jije m kondane m. Pitit fi m ap fè kafe, ala bon bòn atoufè sa ta fè lavil. Oto a pa rete. Anba laplenn oto a pase l kraze yon ti kochon. Li pa rete, se ti kochon laplenn. Oto a pa rete. Anwo laplenn oto a pase l kraze yon ti nègès. Li pa rete, se ti nègès laplenn. Yo di: se oto Shada se sa k fè l pa rete. Yo di : l sanble oto msye Lewa. Men li ta rete. Depi ou tande se oto gran nèg li pa p rete.* Feliks Moriso Lewa pa pè lonje dwèt sou mantalite soudevelope k ap wonyen sosyete ayisyèn nan ni prejije koulè ki ap kangrennen nou pandan anpil moun bouche je yo pou yo pa wè. E lè prejije a se lòtbò dlo li soti, powèt la pa met dlo lan bouch li pou afime: « Yo di nou gen ‘konplèks denferyorite’, di yo mwen menm se prejije kou yo, bon jan prejije m ganyen. Tout blan modi ».

Lè nou konsidere referans ekonomik ak sosyal ki simaye tout inivè powetik Moriso Lewa a, soti lan *Dyakout 1* rive nan *Dyakout 4* ki sa nou konstate. Ekriven an fè tande vwa l nan *Dyakout 1* pou pwoteste kont move kondisyon lavi travayè ak konpatriyòt k ap bat dlo pou fè bè. Li konstate : *Chofè pa gen byen pou l wè. Bèfchenn pa gen byen pou l wè. Malere pa gen byen pou l wè.* Maren yo menm gen pou brave grangou, brave lanmè, brave lanmò. Konsa tou li fè n konnen : « Yo di travayè pa gen dwa pran midi. M pral pale pou yo... Sanzave pa sa nan midi. M a pale sendika m pou yo ». *Dyakout 2* laji chan kritik la pou denonse yon bò relasyon peze souse Ayiti genyen ak gwo konpayi trasnasyonal yo epi yon lòt bò politik gwo vale piti pisans etranje yo devlope vizavi peyi tyèmonn yo. Kote meriken ap vin pi rich pandan nou menm n ap vin pi pòv. Tou sa ak konplisite OEA, benediksyon Vatikan epi pwoteksyon LOTAN. Nan *Dyakout 3* Moriso prezante FMI tankou yon chòche k ap fòse peyi ki pèdi wòl yo pran medsin chwal pou kokobe ekonomi yo. Li ba n konsèy evite sa kou lapès. Gen twa powèm ki vin youn apre lòt nan *Dyakout 4*, ki se yon gwo rèl powèt la pete alawonnbadè pou di: « Pinga touche Mòl Sen Nikola... ni Latòti... ni Plantasyon Dofen ». Ekriven an konpare Palè Pòtoprens la ak yon mezon dafè kote PDG mezon komès la mare konplo ak Meriken pou vann Mòl Sen Nikola, lwe Latòti pou 99 lane epi fè Plantasyon Dofen tounen yon paradi pou blan sèlman.

Nou kapab di politik layite libelibè nan chan tematik literè Moriso a. E se tou nòmal, lè nou konsidere angajman ekriven an pran pou defans ak valorizasyon lang kreyòl la toupatou kote li pase ak chwa li fè: pou apiye batay pèp ap mennen nan lemond antye pou libète ak jistis kont opresyon ak eksplwatasyon. Li fè tande vwa l kont represyon sovaj lakay li:

« Lòt jou m reve
 Ploton makout ap pare pou fiziye m
 Tout moun ap griyen dan
 Gen yon vye granmoun ki pa ri
 Vye granmoun lan
 Se Chouchoun Fandal

Yo te mennen vin wè makout fiziye
5 pitit gason l nan lari Gran Gozye »

Moriso leve kont « patripòch » ak koripsyon :

« Aba tout kandida
Aba tout eleksyon
Pou nonmen depite
Aba tout kandida alaprezidans
Yo tout vle vann peyi a
Ak Meriken pou plen pòch yo »

Moriso Lewa konsyan inivè pèsonèl li konekte ak anviwonman sosyal ki antoure l. Men tou, antanke “citoyen du monde” li devlope yon vizyon kritik sou evenman k ap pase lòt kote sou planèt la. Li denonse lagè enperyalis yo ap enpoze pèp nan Amerik Santral la, envazyon Lagrenad ak wòl diktatè kou Somoza ak Divalye. Li voye ochan pou fanm ak gason vanyan ki kanpe kin toupatou tankou Mari Terèz Feval, Miryam Makeba, Mata Janklod. Jak Aleksi, Jan Jak Desalin Anbwaz, Salvadò Ayennde, Tche Gevara. Li mande solidarite ak Kiba, Nikaragwa, Vyetnam, Lafrik. Li klè sou wòl pwezi li a:

« M pa ekri prèm
Pou zòt ak bouch yo kou bouda poul
Vin resite nan salon
Sa m ap di la a se yon koze
Pou n lage nan radyo Laavàn
Pou tout pèp ayisyen tandè
M a voye l Lamatinik Lagwadeloup
Lagiyàn Lil Moris
N a voye l jouk nan Ginen Bisao
Jouk Angola jouk Mozanbik
Kanta Vyetnam
Fò n voye yon kantite Vyetnam
N a voye yon bon pakèt nan prizon Kalifòni
Pou Anjela Devis foure anba tèt li
Fò n jwenn yon jan yon manyè
Pou Toupanawòs la yo ganyen l tou
Epi dwe gen yon mwayen
Pou n glise l Fò Dimanch
Pou sa k pankò mouri konnen
Bik sa a k nan menm la a
Se zam m ap met sou tout lenmi toupatou »

Kidonk powetik Feliks Moriso Lewa a kit onivo tematik, kit onivo reprezantasyon, kit onivo ideyolojik se yon pledwaye pou espresyon revandikasyon milye riral la ak mas esplwate nan vil yo atravè fòm estetik ak atistik kilti popilè a, an solidarite ak lòt pèp k ap lite yo. Moriso pwodui yon literati sibvèsif ki ap milite nan pèspektiv yon chanjman reyèl pou majorite Ayisyen. E chanjman sa a li di se responsabilite nou tout.

« Nou tout fin vye lèd
Nou tout koupab kou inosan
Ak yon peyi sou bra n
Kou yon timoun malad »

Nan Vilbonè, Ri Potchanm ak Sen Jan, twa nan kont Moriso ekri, chanjman an fèt an dous menm lè li rive apre yon katastwòf osnon yon masak. Nan de premye yo se gras a yon mago lajan osnon lò ki tonbe anba men yon moun ki pèmèt lokalite a devlope epi pran otonomi l. Nan twazyèm nan se kolaborasyon tout abitan kominote a ki travay nan tèt ansanm pou rebati lakay yo pou yo pa oblije tann yo lonje men ba yo. Nan pyès teyat *Moun fou* ak *Pèp la* okontrè se vyolans ki akouche libète. Se ak kout zam koze a regle.

Pou fini m ap site dènye dyalòg ki mete yon bout lan pyès *Pèp la*.

« Pa gen kras lèsen lèmò ki pale pou nou
Se nou ki pou debouye n
Regle zafè n pou kò n
San sa li pa p janm regle lan gou n »

« Okenn chèf, pyès wa, kras prezidan, okenn pap senyè ki pou fè n kwè yo pral fè mirak ankò, se nou menm, nou menm, pèp la, ki pou pran manch gouvènay nou nan men nou ».

Guy-Gérald MÉNARD